# Pwogram Fòmasyon OPWDD pou Travay

## Enfòmasyon Pou Anplwayè yo

**Pwogram Fòmasyon pou Travay la** ede konpayi yo anboche anplwaye ki kalifye ak konpetan ki gen andikap san okenn frè pou konpayi a. Pwogram nan konekte konpayi a ak estajyè ki gen eksperyans ak konpetans ki nesesè pou vin anplwaye ki pèfòman. OPWDD peye salè estajyè a pandan peryòd fòmasyon inisyal la, apre sa konpayi a anboche estajyè a si li satisfè kondisyon travay yo.

### Jan Pwogram Fòmasyon pou Travay la fonksyone

- OPWDD peye estajyè yo kòm anplwaye tanporè, chak èdtan. Yo kouvri anba Asirans kont Aksidan nan Travay ak Asirans Responsablite Sivil Jeneral travè Eta New York la.
- Estaj yo se pou tan pasyèl ak tan limite selon bezwen estajyè a ak konpayi a. Yo atann pou konpayi yo anboche estajyè yo lè yo satisfè nòm anplwayè a.
- Pwogram Fòmasyon pou Travay la ofri kou regilye preparasyon pou travay pou ranfòse konpetans pwofesyonèl ak sosyal estajyè yo.
- Estajyè yo pral resevwa fòmasyon konplè lè yo kòmanse travay pou konpayi a. Lè konpayi a anplwaye estajyè yo, yo ka ogmante lè travay yo jan sa nesesè.

### Pwogram Fòmasyon pou Travay la kapab ede konpayi yo:

- Devlope potansyèl anplwaye yo
- Ekonomize lajan sou rekritman, fòmasyon travay ak retansyon
- Amelyore divèsite nan mendèv yo
- Bay asistans pwofesyonèl nan travay pou estajyè ak konpayi yo
- Ranpli pòs vid ki egziste deja oswa adrese bezwen konpayi ki pa satisfè

NEW YORK STATE | Office for People With Developmental Disabilities

### Kòmanse avèk Pwogram Fòmasyon pou Travay la jodi a

- Kontakte Pwogram Fòmasyon pou Travay la atravè Eta a nan employment.vocational.services@opwdd.ny.gov
- Y ap refere w bay yon Sipèvizè lokal Pwogram Fòmasyon pou Travay la, ki pral idantifye yon ajans founisè sèvis nan zòn ou an. Òganizasyon sa a pral kontakte ou pou jwenn enfòmasyon sou konpayi ouo a ak bezwen rekritman ou yo.
- Founisè sèvis la pral asosye yon estajyè ak bezwen konpayi ou a epi bay ou menm ak estajyè a asistans ki nesesè pou yon eksperyans ki reyisi.

### Egzanp Estaj nan kad Pwogram Fòmasyon pou Travay la

- Asistan Kominikasyon
- Kolaboratè Envantè ak Estòk
- Teknisyen nan Reparasyon Òdinatè
- Travayè Floral ak Serikiltè
- Ajan Lapòs ak Pwovizyon
- Anplwaye Sèvis Manje
- Asistan Mekanisyen
- Anplwaye Komès an Detay
- Asistan Gadri
- Asistans pou Swen Pèsonèl
- Asistan Gadri
- Asistan Veterinè oswa Swen Bèt
- Ak plis ankò